# XX ÁSIRDIŃ 20-30-JÍLLARÍNDA SOVET HÚKIMETINIŃ QARAQALPAQSTANDAǴÍ DINGE QARATÍLǴAN SIYASATÍ HÁM DE GÚRESIWSHI QUDAYSÍZLAR AWQAMÍ ISKERLIGI

**N.K.Zinatdinov** – *tayanısh doktorant*
*Berdaq atındagı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti*

**Tayanch so'zlar:** din, musulmon, masjid, qurbon hayiti, ro'za hayiti, kurashchan xudosizlar ittifoqi, bolshevik, kommunistik partiya.
**Ключевые слова**: религия, мусульманин, мечеть, курбан-байрам, ураза-байрам, союз воинствующих безбожников, большевик, коммунистическая партия.
**Key words:** religion, muslim, mosque, Eid ul-Adha, Eid al-fitr, league of militant atheists, bolshevik, communist party.

Bárshemizge málim, Islam dini tınıshlıq hám tazalıq dini bolıp, ol hárdayım insanlardı jaqsılıqqa hám tatıw jasawǵa, insaniyattı nahaq birde-bir janzatqa, átirap-ortalıqqa zıyan jetkizbewge shaqıradı. Usı orında Ózbekstan Respublikası birinshi prezidenti I.A.Karimovtiń bul sózlerin eslewimiz kerek: "Islam dini-bul ata-babalarımız dini, bul biz ushın hám iyman, hám tárbiya, hám ar-namıs, hám aǵartıwshılıq ekenligin umıtpayıq, ol qurı isenimler jıyındısı emes."

XIX ásirdiń ortaları hám ekinshi yarımda Rossiya imperiyası tárepinen Orta Aziya, soniń ishinde Qaraqalpaqstan jerleri basıp alınadı. Basqın natiyjesinde koloniyaǵa aylanǵan usı aymaqtiń kriziske júz tutıwına, muqaddes dinimiz hám de milliy qádiriyatlardıń ayaq-astı etiliwine alıp keldi. Ásirese, XX ásirdiń 20-jılları ekinshi yarımı hám de 30-jılları dawamında Sovet húkimeti jámiyeti ortalıǵında dinge, diniy shólkemlerge hám de din ulamalarına qaratılǵan siyasatı júda qatal túrde alıp barılıp, ateistlik hárekettiń háwij alǵan dáwiri esaplanadı. Sebebi bul dáwirde bolshevikler ózleri qurajaq Sovet Awqamı hám kommunizm jámiyeti keskin qarsılıqqa ushıraǵan edi hám de bul qarsılıqtıń orayı sıpatında din hám din ulamaları qaralǵan edi. Bunı bir ǵana nemis filosofi Karl Markstıń kitabında keltirilgen "din-bul xalıqtıń opiumı" [1:2] degen qatarların sovet kósemi V.I.Leninniń óz shıǵıwlarında tez-tezden tákirarlawı tosınnan emes edi [2].

1918-jılı 23-yanvarda (5-fevral) Xalıq Komissarlari Soveti shirkewdi mámleketten, mektepti shirkewden ajıratıw haqqında dekret shıǵaradı [3]. Bul dekret tiykarında mámleket shólkemleri yamasa diniy shólkemler tárepinen puqaralardıń hújdan erkinligine zorlıq hám basım ótkeriwdiń hárqanday kórinislerine shek qoyıw; hákimiyat ushın dinge bolǵan múnásibetlerin ámelge asırıwda tolıq erkinlik beriw; hámme huqıqıy puqaralıq aktlerde (neke hám tuwılǵanlıq aktlerin puqaralıq hákimiyat bólimleri ámelge asırıwı) dinge bolǵan tiyisli bólimlerin alıp taslaw; diniy shólkemlerdiń múlkke iyelik qılıw huqıqına hám de olar yuridik kúshke iye emesligi; ulıwma bilim beriw pánleri oqıtılatuǵın barlıq mámleket hám jámiyetlik, soniń menen birge, mámleketlik emes tálim mákemelerinde diniy isenim boyınsha oqıtıwǵa jol qoyılmawı sıyaqlı bántleri belgilep qoyıladı [4:50]. Bunnan tısqarı puqaralar dindi jeke túrde úyreniwi múmkin edi. Diniy shólkemlerge óz funkciyaların tolıq ámelge asırıwları ushın barlıq shárt-shárayatlar jaratılıwı kerekligi bólek belgilep qoyıldı. Jáne hárbir adamǵa qálegen dinge sıyınıw yamasa sıyınbaw huqıqı da berilgen. Biraq dekrette berilgen statyalardan kóre ámelde basqa nızam-qaǵıydalar ústemlik etetuǵın edi.

Sovet mámleketinde qabıl etilip atırǵan qararlar bir tárepleme (jańa hákimiyat partiyalıq ústemlik tiykarında júzege keldi hám de bolshevikler partiyasınıń hárqanday qararı sovet qararı sıpatında qabıl etiletuǵın edi) qaralıp qabıl etilgen. Bunda aymaqlardıń tariyxiy-mádeniy, ekonomikası hám de diniy isenimleri esapqa alınbaǵan.

Sovet húkimeti dinge qarsı qaratılǵan siyasatı dawamında XX ásirdin 20-40-jıllarında "Gúresiwshi qudaysızlar awqamı"da (dáslep "Qudaysızlar awqamı" dep atalǵan) iskerlik kórsetken edi. Jergilikli musılman xalqın dinnen qaytarıw hám de mamleketti tolıq ateist mámleketke aylandırıwdı kúsheytiw maqsetinde 1925-jıldıń aprel ayında "Qudaysızlar awqamı" (Soyuz bezbojnikov) dep atalǵan. Pútkil awqam dinge qarsı jámiyetin dúziw haqqında qarar qabıl etiledi. Usi jılı usı SSSR "Qudaysızlar awqamı" Oraylıq Keńesiniń organı bolǵan "Dinge qarsı" (Antireligioznik) aylıq ilimiy-metodik jurnalı payda bolǵan edi. "Qudaysızlar awqamı" jámiyeti 1929-jıl iyun ayınan baslap "Gúresiwshi qudaysızlar awqamı" jámiyeti bolip ataması ózgeredi [5].

1930-jıllarda dinge qarsı gúresiw sheńberinde "Gúresiwshi qudaysızlar awqamınıń yacheykaları hám de aǵzalar sanı tez ósip barǵan. Eger, 1939-jılda Qaraqalpaqstan Avtonom Sovet Sotsialistlik Respublikasında "Gúresiwshi qudaysızlar awqamnıń 115 yacheykası xızmet kórsetken, olarda 3505 adam aǵza bolǵan bolsa, 1940-jıldıń aqırlarında 388 yacheykada 11865 adam aǵza bolǵan [6:220]. "Gúresiwshi qudaysızlar awqamı"nıń yacheykaları barlıq rayonlarda dúzilgen edi. Máselen, solardan Tórtkúl rayonında 40 jerde yacheykaları bar bolıp, olarda aǵzalar sanı 1728 adamdı [7:1], Shabbaz rayonında 73 yacheykaları bar bolıp, olarda aǵzalar sanı 2529 adam quraǵan [8:17].

"Gúresiwshi qudaysızlar awqamı" dizimge alıw jaqsı islengen sistemaǵa iye edi. Aǵzalar óz aldına jámiyet aǵzası ekenligin dálillewshi aǵzalıq belgilerine hám de biletine iye bolıp, onda jámiyet atı, aǵzanıń familiyası, atı, tuwılǵan jılı, milleti, kásibi, partıyalıǵı, aǵzalıq nomeri kórsetilgen.




*Súwret.1. "Gúresiwshi qudaysızlar awqamı"na aǵzalıq nishanları*

"Gúresiwshi qudaysızlar awqamı" jámiyeti XX ásirdiń 20-jılları aqırında 14 tildegi, 18 baspaǵa iye boldı. Jámiyet háptelik gazetası «Bezbojnik» («Qudaysız»), soniń menen birge «Antireligioznik», «Bezbojnik», «Derevenskiy bezbojnik» («Awıllıq qudaysız»), «Yuniy bezbojnik» («Jas qudaysızlar») sıyaqlı oraylıq jurnallardı baspadan shıǵarttırdı. «Gúresiwshi ateizm» jurnalı da dindi áshkaralaw ǵalaba xabar quralı oraylarınan birine aylanǵan [9:64].

Jámiyet iskerliginde marksizm-leninizm táliymatları tiykarında jumıs alıp barılıp, onıń iskerligine kommunistlik partiya basshılıq qılǵan edi. Jámiyet ǵalabalıq jámiyet sıpatında dinniń barlıq kórinislerine qarsı ideologiyalıq gúres alıp barıw ushın dúzilgen. Bul ǵalabalıq jámiyet tárepinen ateizmdi en jaydırıw maqsetinde kadrlar tayarlaw kursları, seminarlar, oqıw orınlarında lekciyalar, muzey jumısları, kórgizbeler, plakatlar, kinofilmler, radio esittiriwler tayarlanǵan edi. Hár tárepleme dindi ilimiy jaqtan nadurıs ekenligine isendiriwge ámeliy jumıslar islengen.

1927-1929-oqıw jılı sovet hám partiyalıq mekteplerde, pedagogika hám awıl xojalıq texnikumları oqıw rejelerinde dinge qarsı úgit-násiyat kursları dúziledi. Olarda "Diniy isenimlerdiń kelip shıǵıwı hám rawajlanıwı", "Din hám klaslıq gúres", "Dinge qarsı gúresiwdiń metod hám dúzilisleri", "Islam dininiń payda bolıwı hám onıń reakciyalıq áhmiyeti" sıyaqlı temalarda oqıw kursları alıp barıladı [10:83]. Bul kurslarda Q.Áwezov, J.Seitova, N.Máwlenov, N.Saǵitov, U.Xalmuratov, Z.Qasimov, A.Irmanov, Yu.Listkov, A.Piskunov, Y.Xojaaxmetov, E.Sultanov, I.Jumaniyazov sıyaqlı Qaraqalpaqstandaǵı siyasiy hám mádeniy xızmetkerler de oqıǵan edi.

1939-jılı Qaraqalpaqstan ASSR aymaǵında "Gúresiwshi qudaysızlar awqamı" jámiyeti rayonlıq sovetleriniń dinge

qarsı úgit-násiyat islerin júrgiziwdiń 3 aylıq kurslarında oqıtılǵan tematik planlarında “Dinge qarsı oqıw kitabı”nan “Islamnıń kelip shıǵıwı”, “Islamnıń siyasiy róli”, “Islam kapitalizm xızmetinde”, “Proletariat socialistlik oktyabr revolyuciyası dáwirindegi Islam dinshileriniń háreketleri”, V.I.Leninniń avtorlıǵındaǵı “Din tuwralı” kitabınan “Socializm hám din”, “Rabochilar partiyalarınıń qatnasları haqqında”, Ye.Yaroslavski avtorlıǵındaǵı “Kommunizm jáne din” kitabınan “Kommunistler neni tileydi”, “Kommunizm menen din kelise alama? ”, “Social-demokratiya hám din”, “VKP (b) programması din tuwralı hám onıń menen gúresiw tuwralı”, “Sovet mámleketiniń shirkew menen din tuwralı nızamı” , “Stalinlik konstituciya din tuwralı”, “Miynetkeshlerge socialistlik tájiriybe beriw hám dinge qarsı gúres”, Ye.Yaroslavski avtorlıǵındaǵı “Stalin konstituciyası hám din máselesi” kitabınan “Stalin konstituciyası hám din máselesi”, “Dinge qarsı propaganda hám profsoyuz” kitabınan “SSSRda qudaysızlıq háreketiniń ósiwi”, “Ruwxanıylardıń reaksionlıq isleri”, “Dinge qarsı propaganda tuwralı kommunistler partiyası” sıyaqlı Islam dinine qarsı qaratılǵan ateistlik temalar orın alǵan edi [11:18,19, 20].

Musılmanlardıń jámáát bolıp namaz oqılatuǵın muqaddes ornı bolǵan meshitler sovet húkimeti “Gúresiwshi qudaysızlar awqamı” jámiyeti tárepinen dinge qarsı gúresiw hám de diniy dástúrler, úrp-ádetlerdi saplastırıw wazıypaları sheńberinde óz basımshalıq jolları menen jawıp qoyıldı. Ayırım qalǵan meshitler mámleket tárepinen tán alınbadı, olardıń iskerlik kórsetiwine ruxsat berilmedi. Jawıp qoyılǵan meshit imaratları basqa maqsetlerde paydalanıw ushın mámleket uyımları orınlarına aylandırılǵan edi.

1938-1939-jıllardaǵı arxiv dereklerine qaraytuǵın bolsaq Shımbay rayonı aymaǵında da kóplegen meshitler jawılıp, olardıń imaratları basqa maqsetlerde paydalanıwǵa ózgertilgenin kórsek boladı:

- Bekbaul ishan meshiti-kolxoz jataqxanasına;
- Juman meshiti-rayono kitapxanasına;
- Maulik meshiti-dán tayarlaw (zagotzerno) qoymasına;
- Ali Ishan meshiti-mektep medicina jumısshıları fakulteti (medrabfak) jataqxanasına;
- Ali Ishan meshiti-rayon tutınıwshılar jámiyeti (raypotrebsoyuz) qoymasına;
- Primbet meshiti-mashina traktor bándirgisi (MTS) jataqxanasına;
- Úyshi awıldaǵı meshit-gorono (qalalıq xalıq tálimi bólimi) mektepxanasına;
- Pavekel axun (Táwekel axun) meshiti-komxoz qarawındaǵı jataqxanasına;
- Qalmurat meshiti-mashina traktor bándirgisi (MTS) mektebine; [12:69].

Qaraqalpaq xalqınıń ruwxıy turmısında diniy bayramlar, dástúr hám úrp-ádetler úlken áhmiyetke iye esapalandı. Ásirese, muqaddes Islam dinimizdiń diniy bayramları esaplanǵan Oraza (Iyd al-Fitr) hám Qurban (Iyd al-Adha) hayıtı xalıq arasında qayır-saqawattı, mehir-aqıbetti hám de miyrim-shápáátti payda etip, insanlardiń óz ara qarım-qatnasında jaqsı pazıyletlerdi, milliy, ulıwma insanıylıq qádiriyatlardı sáwlelendiredi. Bul bayramlarda xalqımız awırǵan nawqaslardıń halınan xabar alǵan, mútájlerge járdem qolın sozǵan hám de usı bayram kúnleri jas úlken, jas kishiler jumis islemey, dem alıs sıpatında kúndi kóterińki ruwxta ótkergen.

Sovet dáwirinde bul musılman bayramları da húkimet názerinen shette qalmaǵan edi. Sovet húkimeti basshısı Iosif Stalin tárepinen “eski jámiyetten miyras qalǵan eski úrp-ádetler, tradiciya hám dástúrler socializmniń eń qáwipli dushpanı” dep unamsız baha berilgeni de tosınnan emes edi [13]. Húkimet Oraza hám Qurban hayıtı kúnleri de sovet shólkemleri hám kárxanalarında jumıs alıp barılıp, dem alıwǵa, bayram sıpatında nıshanlawǵa ruxsat bermegen. Hátteki húkimet bul muqaddes bayramlardı xalıq ideologiyasına unamsız qılıp kórsetiw maqsetinde gazetalarda maqalalar basıp shıǵarǵan. “Sovetskaya Karakalpakiya” hám “Qizil Qaraqalpaqstan” gazetalarında “Qurban hayıtı qashan hám qaydan kelip shıqqan”, “Qurban hayıt eskiliktiń zıyanlı qaldıǵı”, “Orazanıń zıyanı” , “Orazanıń reaksiyalıq mazmunı hám xalıq ushın zıyanı”, “Orazanıń reaksiyalq mazmunı hám onıń miynetkeshler ushın ziyanı” sıyaqlı maqalalar basılıp shıqqan.

Búgingi kúnde Qaraqalpaqstan tariyxın úyreniw, onı ilimiy tárepten tiykarlanǵan dáliller menen ayqınlastırıw barǵan sayın jaqsılanıp barmaqta. Ásirese, XX ásir birinshi yarımı tariyxın arxiv derekleri arqalı úyreniw nátiyjesinde kóplegen jańa materiallar jıynalıp, usı dáwirdegi húkimettiń dinge qaratılǵan siyasatın ashıq aydın ashıp beriw imkaniyatın bermekte. Biz joqarıda berilgen maǵlıwmatlar arqalı sovet húkimetiniń Islam dinine ayawsız soqqı bergenligin kóriwimiz múmkin.

Bolshevikler hákimiyat tóbesine kelgennen keyin dinge bolǵan múnasibetleri ózgerdi. Qaraqalpaqstanda da “Gúresiwshi qudaysızlar awqamı” jámiyeti arqalı bul aymaqtaǵı Islam dinine ayawsız soqqılar berildi. Sovet hákimiyati tárepinen musılman tálim sistemaları saplastırıldı, arab jazıwındaǵı kóplegen diniy derekler joq etildi. Medrese hám eski mekteplerdiń waqım múlklerin ekspropriaciya qılıw isleri, diniy ulamalardı sovet hákimiyatınıń dushpanı retinde qaralaw háwij aldırılǵan edi. Bunnan tısqarı, musılman xalqınıń bayramları esaplanǵan Oraza hám Qurban hayıtların ótkeriw sheklendi.

Sovet húkimeti elimizdegi musılman xalqın fizikalıq tárepten jeńgen bolsa da, ruwxıy tárepten jeńe almadı. Mámleketimiz ǵárezsizlikti qolǵa kiritkennen keyin, Islam dinine, diniy shólkemlerge, meshitler shólkemlestiriwge erkinlik berildi. Musılmanlarǵa haj saparına barıw ushın jol ashıp berildi. Oraza, Qurban hayıt kúnleri dem alıs kúni sıpatında belgilenip, bul bayram kúnleri xalqımız tárepinen keńnen nıshanlanıp kelmekte [14].

## Ádebiyatlar


1. К.Маркс. К критике Гегелевской философии права. Электронный ресурс url: http://www.civisbook.ru/files/file/marks.k kriike -С.2.
2. Советская Каракалпакия,1937 г. 9 мая № 101 (1299).
3. Советская Каракалпакия,1938 г. 6 февраля № 30 (1818).
4. Qaraqalpaqstan Respublikası Oraylıq Arxivi. fond-12, dizim-1, jumıs-88, 50-b. https://dic.academic.ru/dic.nsf/ruwiki/1132900.
6. Qaraqalpaqstan Respublikası Oraylıq Arxivi. fond-551, dizim-1, jumıs-4917, 220-b.
7. Qaraqalpaqstan Respublikası Oraylıq Arxivi. fond-551, dizim-1, jumıs-4940, 1-8. Qaraqalpaqstan Respublikası Oraylıq Arxivi. fond-551, dizim-1, jumıs-4940, 17-b.
9. Salmonov A. O‘zbekistonda Sovet hokimiyatining diniy siyosati: uydirma va tarix haqiqati (1917-1960 yıllar ). –Toshkent: 2015, 64-b.
10. Кощанов Б.А., Изимбетова Г.Т., Зинатдинов Н.К. Политика советской власти в отношении мусульманского духовенства в Каракалпакстане. (1917 - 1941 гг.) –Нукус: “ILIMPAZ” 2021. –С. 83.
11. Qaraqalpaqstan Respublikası Oraylıq Arxivi. Fond-P-551, dizim-1, jumıs-4682, 18,19, 20-b.
12. Qaraqalpaqstan Respublikası Oraylıq Arxivi. Fond-P-551, dizim-1, jumıs-4463, 69-b.
13. Qizil Qaraqalpaqstan,1955 г. 10-may № 92 (6571).
14. https://lex.uz/docs/-102288?otherlang=1.



**REZYUME.** Mazkur maqolada XX asrning 20-30-yillarida Sovet hukumatining Islom diniga nisbatan siyosati doirasida Qoraqalpoǵistonda ”Kurashchan xudosizlar ittifoqi”ning yuritgan faoliyati, uning musulmonlarga nisbatan qilgan qattiq bosimi tahlil qilinadi.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье анализируется деятельность ”Союза воинствующих безбожников” в Каракалпакстане в рамках политики советской власти в отношении Ислама в 20-30-е годы XX века, его агрессия в отношении мусульман.

**SUMMARY.** This article analyzes the activities of the “League of Militant Atheists” in Karakalpakstan within the framework of the Soviet government’s policy towards Islam in the 20-30s of the 20th century, its aggression against Muslims.